

KONTRA KONFIDANSYALITE

Kijan timoun lan rele _____ Nimewo dosye a _____
 Local Early Steps _____ Rezève pou depatman an

1. Pati yo dakò pou yo patisipe, ak pwòp volonte yo, nan yon medyasyon poutèt yon efò k ap fèt pou rezoud plent ki te fèt konsènan timoun _____.
2. Pati yo, moun k ap patisipe nan reyinyon an tou, dakò pou tout enfòmasyon k ap diskite nan medyasyon an rete konfidansyèl, amwenske enfòmasyon an ka dekouvri nan lòt mwayen, epi enfòmasyon an pa ka sèvi pou prèv nan lòt pwosede administratif oubyen jidisyèl ki gen apre. Konfidansyalite, sepandan, pa p kouvri ni menas pou danje fizik ki soulepwen pou rive ni aksidan vre vyolans ki rive nan medyasyon an.
3. Nenpòt kominikasyon ant medyatè a/yo ak pati yo ap rete konfidansyèl.
4. Pati yo dakò pou yo pa asiyen medyatè a/yo oubyen fòse medyatè a/yo pou li/yo pwodyi nenpòt ki dokiman yon pati bay nan nenpòt pwosede administratif oubyen jidisyèl k ap fèt kounye la oubyen k ap fèt nan lavni. Medyatè a/yo pa p fè temwayaj volonte pou yon pati nan pyès nan pwosede administratif oubyen jidisyèl k ap fè kounye la oubyen k ap fèt nan lavni. Epi tou pati yo dakò pou medyatè a/yo pa viktim danje nan tout reklamasyon ki fèt poutèt medyasyon an.
5. Medyatè a ak pyès nan moun k ap patisipe yo pa p anrejistre sou kasèt epi pa p transkri sesyon medyasyon yo. Apre medyasyon an fini, medyatè a ap detui tout enfòmasyon ak tout materyèl yo te remèt medyatè a oubyen ke medyatè a te dokimante tankou tout nòt, dosye, oubyen dokiman ki te genyen nan peryòd medyasyon an.
6. **Sizoka gen yon rezolisyon pou rezoud plent lan nan pwosede medyasyon an, pati yo ap siyen yon akò ofisyèl ki tabli rezolisyon an epi ki (i) di ke tout diskisyon ki te genyen nan medyasyon an ap konfidansyèl epi yo pa ka sèvi pou prèv nan okenn nan lodyans oubyen nan pwosè sivil, (ii) gen siyati toude paran ak reprezantan ajans lan ki gen otorizasyon pou l oblije ajans lan, epi (iii) ap egzekite nan tout tribinal leta nan jiridiksyon konpetan oubyen nan yon tribinal distrik isit Etazini.**

 Paran / Moun responsab DAT JODI A

 Reprezantan Local Early Steps DAT JODI A

Siyati moun k ap patisipe

